



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ RANPLASMAN PON 8.3 MILYON DOLA
SOU I-190 NAN KONTE ERIE**

*Nouvo pon pwomnad Beaver Island lan pral gen ladan opsyon sekirite amelyore
ki gen ladan plis degajman vètikal, sifas wout amelyore ak pi gwo vwa sikilasyon*

*Pandan senk ane pase yo, Otorite Thruway te re-vesti plis pase 80.9 milya dola
pou ranplase oswa reyabilite 69 pon nan Divizyon Buffalo li a*

*Pon ki egziste yo prevwa fèmen semèn 3 avril la pou dire pwojè a; Gen detou ki
pral anplas*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwojè 8.3 milyon dola pou ranplase pon pwomnad (Parkway Bridge) Beaver Island sou Otowout Niagara (I-190) nan Konte Erie, ki prevwa kòmanse semèn 27 mas la.

"Grand Island se yon pòtay entènasyonal entegral pou touris ak trafik komèsyal nan Eta New York, ki resevwa plizyè milyon moun ki soti Kanada chak ane", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan ranplase pon sa a ki gen prèske 70 ane, Otorite Thruway (Thruway Authority) ap kontinye modènize enfrastrikti transpò eta a, sa ki kreye yon eksperyans vwayaj amelyore ak vwayaj pi fasil pou Nouyòkè yo".

Sitiye nan vil Grand Island, Pon Pwomnad Beaver Island (pano kilomèt 15.46) te konstwi an 1954 epi li pote apeprè 13,000 machin pa jou sou I-190. Lè l fini, nouvo pon an pral genyen pi gwo vwa sikilasyon ak akotman ijans, plis degajman vètikal soti 14'2" rive 16'9", yon nouvo gid ak nouvo sifas pou kondui. Yo prevwa estrikti ki egziste deja pral fèmen pou tout trafik semèn 3 avril la, tou depann de sityasyon meteyo a.

Depi 2018, Otorite Thruway te re-vesti plis pase 173.1 milyon dola nan pwojè enfrastrikti kapital nan Divizyon Buffalo li a, ki gen ladan plis pase 80.9 milyon dola pou ranplase oswa reyabilite 69 pon. Divizyon Thruway Buffalo a soti nan I-90 nan Rochester rive nan fwontyè Pennsylvania, ansanm ak Otowout Niagara (I-190) soti nan liy prensipal Thruway la rive Niagara Falls.

Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank Hoare, te deklare, "Pon Pwomnad Beaver Island lan, tankou anpil lòt pon sou wout nou an, orijinal pou sistèm Thruway la epi li dwe ranplase. Otomobilis yo wè dola peyaj yo ap travay ak pwojè enfrastrikti tankou sa a, ki tounen envesti revni peyaj yo nan antretyen ak dirabilite alontèm sistèm nou an. Abòde enfrastrikti aje se yon priyorite prensipal, epi otomobilis yo pral jwi yon eksperyans vwayaj amelyore sou nouvo pon an yon fwa pwojè a fini".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Pon pwomnad Eta Beaver Island lan sèvi kòm yon atè vital pou rezidan Grand Island, epi pandan ane yo, kondisyon li te vin pi mal akòz itilizasyon an. Apre mwen te mande Thruway pou akselere pwojè ranplasman li a, mwen te kontan wè Otorite a bay reparasyon sa yo priyorite epi enkòpore opinyon piblik la nan gwo amelyorasyon yo. Pwojè sa a se pa sèlman yon investisman nan enfrastrikti Lwès New York, men tou nan moun ki rele Grand Island lakay yo".

Manm Asanble Angelo J. Morinello te deklare, "Mèsi Otorite Thruway Eta New York paske li te rekonèt nesosite pou ranplase Pon Pwomnad Beaver Island lan ki gen prèske 70 ane sou Otowout Niagara a. Ranplasman pon se yon priyorite pou New York, epi mwen kontan dèske yo te chwazi Grand Island pou youn nan premye plasman pon yo".

Apati maten 3 avril la, Pon Beaver Island lan prevwa fèmen pou tout trafik pandan pwojè a, ki pwograme pou fini nan fen 2023. Travay la depann anpil de sitiyasyon meteyo a, epi dat yo ka chanje.

Pandan konstriksyon an, ranp sòti 18B (Pak Eta Beaver Island) soti nan I-190 nan direksyon nò a pral fèmen. Yon detou 6.12 km pral dirije trafik lokal la pou sòti 19 (Whitehaven Road) pou jwenn aksè nan direksyon nò oswa nan direksyon sid I-190 la. Otomobilis k ap vwayaje sou I-190 nan direksyon sid ka pran pwomnad sid la nan sòti 18 (Pak Eta Beaver Island/Pa gen sòti Nò). Y ap afiche pano detou yo.

Union Concrete and Construction Corp. nan Lwès Seneca, New York se kontraktè pou pwojè a.

Pano Mesaj Varyab yo pral avize otomobilis yo sou travay konstriksyon an ak enfòmasyon sou detou yo.

N ap raple otomobilis yo ke nan Eta New York, kontravansyon yo double lè yo depase limit vitès nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Pou enfòmasyon ki ajou sou sikilasyon ak kamera sou sikilasyon an tan reyèl, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) Otorite Thruway la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo.

Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) entèraktif Otorite Thruway la pou mizajou sou sikilasyon an tan reyèl epi enskri sou [TRANSalerts](#) pou enfòmasyon sou sikilasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)